

BAB III


METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar hal-hal anu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalayan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif nyaéta métode panalungtikan nu dipaké pikeun nalungtik objek anu alamiah, dimana panalungtik salaku instrumén inti, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi, analisis data sipatna induktif, sarta hasil tina panalungtikan kualitatif museur kana ma'na lain ngageneralisasi (Sugiyono, 2017, kc. 9). Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif, métode anu miboga tujuan pikeun maluruh jeung méréskeun pasualan aktual kucara ngumpulkeun data, nyieun papasingan data, nganalisis, sarta napsirkeun data (Arikunto, 2010 kc. 225).

Hal-hal nu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta frasa éksoséntrik dina novél *Kembang Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. Éta frasa éksoséntrik téh baris dianalisis dumasar kana wanda frasa, struktur frasa éksoséntrik sarta patali harti antarunsur pangwangun frasa éksoséntrik. Dumasar kana pamarekan jeung métode anu dipaké, disusun desain panalungtikan anu ngawujud guluyuran bagan atawa tahap panalungtikan saperti diébréhkeun dina bagan 3.1



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta novél. Novél anu dijadikeun objék dina panalungtikan nyaéta Novél *Kembang Kembang Petingan Karya* (Holisoh M.É, 2011). Novél ieu medal taun 2002. Pamedal kiblát buku utama. Buku *Kembang Kembang Petingan* dibagi jadi XVI bagian carita. Isina aya 185 kaca, kalayan panjang 21cm. Bukuna ieu kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé 2003. Holisoh ogé kaasup kana pangarang sunda paling produktif versi majalah manglé taun 1996 (Rosidi, 2003 kc. 194).

Alesan pangna panalungtik milih judul novél *Kembang Kembang Petingan* nyaéta (1) bukuna ieu kungsi dimuat dina Majalah *Manglé* sarta meunang Hadiah Sastra

Leni Maryanika, 2019

**FRASA ÉKSOSENTRIK DINA NOVÉL KEMBANG KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É
(ULIKAN STRUKTUR JEUNG SEMANTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

LBSS 2001 (2) bukuna meunang anugrah Hadiah Sastra Rancagé 2003 (3) basa nu digunakeun basajan, jeung gancang kaharti (4) mibanda ajén moral, tur (5) ngawengku frasa éksoséntrik nu bisa ditalungtik.

Identitas buku nu dijadikeun bahan panalungtikan:

Judul : Novél *Kembang Kembang Petingan*

Pangarang : Holisoh M. É.

Pamedal : PT Kiblat Buku Utama

Medal : Citakan ka-1 Oktober 2002

Citakan ka-2 Agustus 2011

Jumlah kaca : 185, dibagi jadi XVI bagian carita.

Panjang : 26 cm

Kandel : 1 cm

Eusi novél mun disinopsiskeun kieu. *Kembang Kembang Petingan* nyaritakeun ngeunaan kahirupan urut awéwé bangor. Ari nu nyababkeun naon pangna jadi awéwé bangor atawa ungluk, ku lantaran baheulana salaki manéhna kawin deui ka ungluk. Awéwé ieu ngarana Tita atawa Enok. Manéhna sorangan nu jadi tulang punggung kulawarga, nu ngabiayaan dahar, meuli pakéan jeung kalangsungan hirup sakabéh kulawargana nyaéta Ema, apa, adina jeung dua budakna. Manéhna diserahkeun ka kolotna lantaran salakina kawin deui ka ungluk, najan manéhna kokoséhan embung diserahkeun angger salakina indit jeung awéwé séjén. Antukna Tita nu jadi tulang punggung kulawargana. Saprak kajadian éta Tita nu saukur lulusan esdé néangan pagawéan ka kota, dibawa ku tatanggana. Sabada nepi ka kota manéhna di sampakkeun ka Imah Mamih. Tita nu karék dalapan welas taun dititah ngalayanan lalaki alias jadi awéwé bangor. Ku lantaran kapaksa da hésé néangan gawé manéhna sanggup jadi pangeusi Imah Mamih. Tapi kulawarga nu di lembur na mah teu apaleun gawé Tita/Enok téh ngalayanan lalaki tapi apalna mah jadi pelayan toko. Poé ka poé salila dalapan bulan geus jadi pageusi imah Mamih nepi ka boga langgananna nyaéta Kang Handi, nu remen datang unggal poé salasa. Tita geus kebal ku sakabéh kahirupan di imah Mamih ti mimiti dinyenyeri basa ku lalaki nu ngamar, ku tatangga jrrd. Sakapeung manéhna sok nyalahkeun naha bet jadi pangeusi imah Mamih boa gara-gara ucapan indungna, lantaran baheulana mun manéhna salah sok dicarékan

ungkluk. Nepi ka kajadian jadi ungluk. Beurat pisan lalakon hirup nu dipilampah ku Tita salila jadi awéwé bangor. Nepi ka hiji waktu aya juragan tambak udang (bapana Si Ipah baturan Sdna) ngamar jeung manéhna. Tuluy manéhna jangji deuk ngeusian imah Tita di lembur nu keur kuriak. Ti kajadian éta kulawargana jadi bendu kusabab apal pagawéan saenyana. Tidinya haté enok bener-bener sedih kacida ngarasa teu ditarima ku kulawargana. Satuluyna, langganan Tita, Kang Handi nu nyalametkeun hirup Tita tina kadorakaan. Manéhna dék ngajelemakeun Tita jeung nyait ti imah Mamih. Sanajan loba nimbang-nimbangna kusabab Kang Handi geus boga pamajikan, ahirna Tita daék dijadikeun nu ngora. Tuluy dipenta ka kolotna dikawin dihareupeun lebé. Tuluy Kang Handi pangngontrakkeun imah jang tita jeung anak-anakna tur adina nu dibawa ka kota. Pamajikan Kang Handi nu kolot mah teu apaleun aya Tita/Enok. Sok sanjan ayeuna Enok geus teu jadi awéwé runtah tuluy pindah ka perumahan angger wé dijulitan ku tatanggana. Manéhna dinyeunyeuri basa ku tatanggana. Nepi ka mikir naha urut awéwé bangor mah dek kamana inditna gé angger aya tapakna jeung dinyeunyeuri waé sanajan geus jadi awéwé bener.

3.3 Téknik Ngumpulkeun Data Frasa Éksoséntrik

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik studi dokuméntasi. Hartina panalungtik ngumpulkeun data frasa dumasar kana sumber tinulis nyéta novél *Kembang Kembang Petingan* karya Holisoh M.E. Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana saperti kieu.

- a. Nangtukeun objék data nu mangrupa novél *Kembang Kembang Petingan* Karya Holisoh M.E
- b. Maca novél *Kembang Kembang Petingan* karya Holisoh M.E
- c. Nyirian frasa éksoséntrik dina novel *Kembang Kembang Petingan* karya Holisoh M.E
- d. Nyalin frasa éksoséntrik kana kartu data

3.4 Instrumen Panalungtikan

Dina panalungtikan kualitatif, instrumén nu digunakeun nyaéta panalungtik éta sorangan. Ku kituna, perlu aya validitas nu dilakukeun ku panalungtik.

Nurutkeun (Sugiyono, 2017, kc. 101) validasi nu kudu dilakukeun ku panalungtik di antarana kudu maham kana métode panalungtikan kualitatif, ngawasa élmu nu baris ditalungtik, jeung kasiapan panalungtik pikeun asup sarta neuleuban kana objék panalungtikan sacara akademik jeung logistikna. Dina ieu panalungtikan sabada data dikumpulkeun ngagunakeun tehnik studi pustaka, tuluy éta data téh diolah jeung dianalisis. Dina ieu panalungtikan téhnik ngolah data nu digunakeun nyaéta ngaidéntifikasi, klasifikasi jeung nganalisis data. Data hasil idéntifikasi jeung klasifikasi tuluy dianalisis ngagunakeun kartu data. Tujuan digunakeunna kartu data nyaéta pikeun ngababarikeun prosés milah-milah jeung masing-masingkeun data téks nu kapanggih dina buku sumber anu kaasup kana analisis panalungtikan. Saacan kana prosés nganalisis instrumén nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nyaéta ngagunakeun kartu data. Carana nyaéta nuliskeun sakabéh frasa eksosentrik nu kapanggih kana kartu data, sarta unggal kartu dibéré nomer, judul novél, kaca, paragraf, jeung kalimah. Runtuyanna ku judul novél, kaca, paragraf jeung kalimah.

Conto kartu data frasa éksosentrik saperti ieu di handap.

Tabel 3.1
Kartu data

No data: 0001 Lalaki ieu mah karék ayeuna datang <i>ka imah Mamih téh</i> (KKP/11/3/5) Analisis frasa éksosentrik <ol style="list-style-type: none"> 1) Wanda frasa éksosentrik : frasa diréktif 2) Struktur frasa éksosentrik: Kpt + FB 3) Patali harti : ‘arah’
--

Keterangan:

KKP : judul buku

11 : kaca

3 : paragraf

5 : kalimah

3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina panalungtikan kualitatif, téhnik nu dipaké téh rupa-rupa. Nurutkeun Miles jeung Huberman (dina Sugiyono, 2017, kc. 129) perkara nu penting jeung hésé dina panalungtikan kualitatif téh nyaéta métode analisisna nu teu mibanda formula nu tangtu. Ku kituna, dina ieu panalungtikan, sabada data dikumpulkeun ngagunakeun tehnik studi pustaka, tuluy éta data téh diolah jeung dianalisis. Proses ngolah jeung analisis datana ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung.

Leni Maryanika, 2019

**FRASA ÉKSOSENTRIK DINA NOVÉL KEMBANG KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É
(ULIKAN STRUKTUR JEUNG SEMANTIK)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sabada ngagunakeun kartu data, aya sabaraha hal anu kudu dipilampah nyaéta (1) nyieun papasingan (klasifikasi), (2) matalikeun (ngorélasikeun), (3) ngaruntuykeun, jeung (4) ngukur (*evaluasi*) (Sudaryat, 2014 kc. 58). Leuwih jelasna saperti kieu.

- a. Niténan deui data frasa éksoséntrik nu geus dikumpulkeun.
- b. Nyusun data frasa éksoséntrik sacara alfabétis dumasar abjad awal kalimah.
- c. Nyieun papasingan data frasa éksoséntrik dumasar wanda, struktur jeung patali harti antarunsur pangwangunna.
- d. Nganalisis data frasa éksoséntrik dumasar dumasar wanda, struktur jeung patali harti antarunsur pangwangunna.
- e. Ngadéskripsikeun frasa éksoséntrik dumasar dumasar wanda, struktur jeung patali harti antarunsur pangwangunna.
- f. Nyieun tafsiran jeung kacindekan.